



**Built to Lead**

Pou Piblikasyon Imedya: 5/4/2016

**GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO**

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE PLIS PASE \$1 MILYON DOLA POU AMELYORE SEKIRITE AK POU ANPECHE KONTREBANN NAN ENSTITISYON PRIZON YO NAN ETA**

***'Cellsense' Teknoloji ap ede Anplwaye nan etablisman prizon yo dekouvri kontrebann ki difisil pou dekouvri anvan ke yo itilize yo andedan etablisman yo nan Eta***

Gouvènè Andrew M. Cuomo jodia te anonse ke plis pase \$1 milyon pou elaji itilizasyon teknoloji Cellsense nan toulè 54 prizon nan eta pou ranfòse efò Depatman Koreksyon ak Sipèvizyon Kominotè pou diminye sou kontrebann ak zam andedan etablisman sa yo. [Cellsense](#) aparèy dènnye kri sistèm deteksyon pòtab te itilize pou fè rechèch konplè sou prizonnye yo epi fouye lèt yo, lesiv, matla ansanm avèk byen lòt prizonnye. Depi mwa Avril, yo te plase yo nan 48 sou 54 prizon eta, avèk rès etablisman yo kap resevwa yo nan fen ane a.

“Nouvo teknoloji sa ap pi byen detekte kontrebann epi sèvi kòm yon prevansyon pou aktivite ilegal nan prizon New York, ede pou pwoteje sante ak sekirite ofisyè koreksyon ak prizonnye yo,” **Gouvènè Cuomo te deklare.** “Nou pral kontinye asire ke sistèm koreksyon nou an gen aksè avèk resous ak zouti ke yo bezwen pou amelyore sekirite ak pwoteksyon nan etablisman nou yo.”

Kontrèman a detektè metal tradisyonèl yo, anplwaye yo gen kapasite pou deplase fasilman, e menm kache aparèy sa yo, sa ki te amelyore nan fason ki enpòtan kapasite rechèch yo pou kontrebann ak zam nan zòn yo, e sa ki te konsidere pwoblematik anvansa. Aparèy la, ki bezwen mwens pase yon miniit pou l enstale, fè eskanè konplè kò prizonnye a kap pase bò kote l, sa pèmèt yo fouye plis prizonnye nan mwens tan. Nan premye semèn yo sèlman, itilizasyon aparèy sa yo te dekouvri anpil atik ilegal tankou zam an metal ak zegwi.

Nan etablisman prizon Green Haven nan Beekman, Konte Dutchess, Cellsense te alète anplwaye yo de yon prizonnye ke yo te jwenn apre ki te vale [lam yon razwa](#) ki te vlope nan yon adeziv elektrik, se yon bagay ki souvan pa ka detekte pa mwayen tradisyonèl yo teni kont fason zam nan kache nan kò a.

**Komisyònè pa Entèrim Depatman Koreksyon ak Sipèvizyon Kominote Eta New York Anthony Annucci te deklare,** “Kontrebann se yon pwoblèm kontinyèl e li poze

yon danje pou alafwa anplwaye ak prizonye yo nan etablisman nou yo. DOCCS te ogmante itilizasyon teknoloji, tankou Cellsense, chita sou angajman Gouvènè Cuomo pou deplwaye nouvo teknoloji pou amelyore sekirite nan prizon ak biwo nou yo e se yon bagay nou menm kòm yon Depatman rekonesan paske nou genyen l.”

###

Wa p jwenn lòt nouvèl nan sitwèb [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Executive Chamber | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418